नेपाल मे समलैंगिक विवाह कए भेटल मंजूरी

मैथिली मे पहिल इ-पेपर

महाराष्ट्र मे 90 फीसदी नौकरी पर मराठी क कब्जा

समाद

● पटना, 8 दिसंबर,2008 ● साप्ताहिक ● अंक- 19 ● साल-1 ● इनटरनेट संस्करण

योजना अंगरेज कए, शिलान्यास केलथि लालू

दरभंगा-मुजफ्फरपुर क बीच नव रेल लाइनक सपना पूरा भेल, बिरौल-सकरी रेलखंड सेहो चालू भेल

अंगरेज बनौलक योजना, ललित बाबू केलथि घोषणा, रामविलास पासवान करौलथि सर्वेक्षण आओर लालू प्रसाद केलथि शिलान्यास।

दरभंगा । मिथिला क अघोषित राजधानी क रूप मे ख्यात दरभंगा स मुजफ्फरपुर क बीच सीधा रेल सेवा क योजना आइ स सौ साल पहिने अंगरेज बनने छल। मुदा आजादीक छह दशक बादो एहि योजना कए जमीन पर नहि उतारल जा सकल छल। पिछला हफ्ता रेलमंत्री लालू प्रसाद एहि योजना कए मूर्तरूप देबा लेल एकर आधारशिला रखलथि, मुदा इ धरातल पर कहिया धरि उतरत एकरा ल कए लोक मे जिज्ञासा आ संशय अछि। 'डिस्ट्रिक्ट गजेटियर ऑफ दरभंगा' मे दरभंगा-जयनगर, दरभंगा-निर्मली आदि रेलखंड क संबंध मे विस्तार स जानकारी देल गेल अछि। एहि क्रम मे सकरी-जयनगर क बीच रेलखंड क बारे मे कहल गेल अछि जे इ हाले मे खोलल गेल अछि, जखन कि दरभंगा-मुजफ्फरपुर क बाबत एकरा पहिने स स्वीकृत कहल गेल अछि। एहि य पता चलैत अछि जे इ योजना 1907 स पहिलके छी। गजेटियर क एहि अंश कए पीसी चौधरी 1964 मे प्रकाशित 'बिहार डिस्ट्रिक्ट गजेटियर' क दरभंगा जिला स संबंधित खंड मे शामिल केने छथि। सौ साल पूर्व सेहो एहि लाईन क आवश्यकता महसूस भेल छल आ आइ सेहो महसूस कैल जा रहल अछि। रेलवे क एकटा वरिष्ठ अधिकारी कहैत छथि जे आमजन कए त सुविधा हेबे करत, रेलवे कए सेहो काफी फायदा होइत। एखन ट्रेन स मुजफ्फरपुर जेबा मे करीब 110 किमी तय करय पड़ैत अछि। दरभंगा व जयनगर स दिल्ली, मुंबई, पुणे आ अमृतसर क लेल चलय वाला स्वतंत्रता सेनानी सुपरफास्ट, बिहार संपर्क क्रांति, शहीद एक्सप्रेस, सरयू-यमुना एक्सप्रेस, ज्ञानगंगा एक्सप्रेस, पवन एक्सप्रेस, जननायक एक्सप्रेस आदि ट्रेन क इंजन क रुख समस्तीपुर पहुंचलाक बाद मुजफ्फरपुर क दिशा मे बदलय पड़ैत अछि। एहि कारण काफी समय जाया होइत अछि। दरभंगा-मुजफ्फरपुर क बीच लाईन बिछ जेबा स दूरी घटिकए 66.9 किमी भ जाइत। किराया सेहो घटत। मालगाड़ी क परिचालन मे सेहो सहायता भेटत। आधिकारिक सूत्र स पता चलल अछि जे नव लाईन बनलाक बाद दरभंगा स लहेरियासराय होइत गाड़ी मुजफ्फरपुर जाइत, जेकर बीच मे डीलाही, पटोरी, माधोपुर, चंदौना, घोसरम्मा, विद्याझांप, सिलौत, नारायणपुर अनंत स्टेशन व हाल्ट होइत। एहि खंड पर 166टा छोट-पैघ पुल बनेबाक योजना रेलवे क छैक। उल्लेखनीय अछि जे सौ साल क एहि कालखंड क दरम्यान एहि रेलखंड क लेल किछु खास नहि कैल गेल, जखन कि दरभंगा आ मुजफ्फरपुर स रेलमंत्री होइत रहला अछि। ओना इतिहास गवाह अछि जे दरभंगाक पूर्व सांसद आ पूर्व रेलमंत्री ललित नारायण मिश्र सेहो एकरा लेल सपना देखने छलाह, मुदा असमय मौतक कारण हुनक इ सपना आइ धरि सच नहि भ सकल छल। मिथिला पुत्र पूर्व रेलमंत्री रामविलास पासवान क समय मे एहि खंड क लेल 1998 मे सर्वेक्षण कराउल गेल, पर गप आइल-गेल । रेलमंत्री लालू प्रसाद 281.3 करोड़ क एहि परियोजना कए धरातल पर उतारबाक लेल सिंहबाड़ा मे आधारशिला रखलथि अछि। रेलवे अभियंत्रण विभाग क एकटा वरिष्ठ अधिकारी क मुताबिक कम स कम पांच साल एहि लाईन कए तैयार हेबा मे लागत। मुदा इ तखन होइत जखन शिलान्यास क बाद एकरा बिसरि नहि देल जाए।

नक्सलवाद देश क लेल गंभीर खतरा अछि। सामंतवाद क कारण एकर जन्म भेल अछि। देश मे नक्सलवाद क समस्या दिन-प्रतिदिन बढ़ल जा रहल अछि। समाज कए शिक्षित करि कए नक्सलवाद क समस्या कए समाप्त कैल जा सकैत अछि। रेलवे नक्सलवाद स भारी क्षति उठा रहल अछि। संग-संग जन आंदोलन क दौरान रेलवे क संपत्ति कए नुकसान भेला स आम लोकक नुकसान भ रहल अछि। बेरोजगारी कम करबा लेल रेलवे बिहार मे व्यापक पैमाना पर कारखाना खोलय जा रहल अछि आ भविष्य मे बिहारी कए रोजगार क लेल राज्य स बाहर जेबाक जरूरत नहीं रहत। बिहार मे रेलवे क करीब 65 हजार करोड़ टकाक विभिन्न योजना पर काज भ रहल अछि।

65 हजार करोड़क योजना पर भ रहल अछि काज

मुजफ्फरपुर । रेलमंत्री लालू प्रसाद कहला अछि जे रेलवे बिहार मे विभिन्न योजना पर 65 हजार करोड़ टका खर्च कए अधिकाधिक रोजगार क सृजन करत। प्रसाद इ गप भारत वैगन आ इंजीरियरिंग कंपनी लिमिटेड क रेलवे द्वारा अधिग्रहण करबाक बाद एकटा समारोह कए संबोधित करैत कहला। ओ कहला जे इ कारखाना मृतप्राय छल, जाहि कारण केन्द्रीय मंत्रिमंडल एकरा बंद करबाक निर्णय लेने छल, मुदा रेलवे एकर अधिग्रहरण कए रहल अछिआ कारखाना मे कार्यरत 500 स बेसी परिवार कए जीवन दान देबा लेल एहि कारखाना कए शीघ्र शुरू कैल जाइत। ओ कहला जे एहि- कारखाना मे पहिने रेल क एकटा डिब्बा प्रतिदिन तैयार होइत छल, जेकर क्षमता आब दो गुना बढ़ाउल जाइत। रेल मंत्री कहला जे रेलवे मढ़ौरा मे 2000 करोड़ टकाक लागत स डीजल लोको फैक्ट्री, मधेपुरा मे 1500 करोड़ टका क लागत स इलेक्ट्रिक लोको फैक्ट्री, छपरा मे 1200 करोड़ टकाक लागत स रेल चक्का कारखाना, डालमिया नगर मे 100 करोड़ टकाका लागत स बोगी आ कपलर कारखाना आ सोनपुर मे नव डेमू शेड, गड़हरा मे 50 करोड़ क लागत स वैगन वर्कशॉप, समस्तीपुर मे 40 करोड़ क लागत स वर्कशॉप आ लोको शेड क विस्तार आ गरखा मे 40 करोड़ क लागत स वर्कशॉप स्थापित कैल जा रहल अछि। प्रसादक कहब छल जे बिहार मे रेल लाइन क जाल बिछाउल जा रहल अछि। ओ कहला जे 12053 करोड़ टकाक लागत स 34 टा नव लाइन परियोजना, 2572 करोड़ टकाक लगात स 5 टा लाइन क अमान परिवर्तन, 703 करोड़ क लागत स 12 टा लाइन क दोहरीकरण, 1186 करोड़ टकाक लागत स बाराबंकी- गोरखपुर, कटिहार -बरौनी, होइत गुवाहाटी तक विद्युतीकरण, 2600 करोड़ टकाक लागत स पटना, निर्मली आ मुंगेर मे मेगा पुल परियोजना पर काज भ रहल अछि। रेल मंत्री कहला जे बिहार क नवीनगर मे राष्ट्रीय ताप विद्युत निगम आ भारतीय रेल क संयुक्त प्रयास स 1000 मेगावाट क रेल बिजली कंपनी क स्थापना भ रहल अदि। एकर अलावा 700 करोड़ टकाक लागत स 55 आरओबी क निर्माण क संगहि 22000 करोड़ टकाक लागत स 'पूर्वी डेडिकेटेड प्रेट कारिडेर' कए पंजाब क लुधियाना स बिहार क औरंगाबाद, गया आ झारखंड क हजारीबाग -धनबाद होइत कोलकाता तक बनाउल जाइत। रेल मंत्री कहला जे डालमियानगर कारखाना कए कबाड़ क रूप मे बेचबाक योजना छल, जेकरा रेलवे अपने अधीन केलक अछि आ 22 नवम्बर कए एकर शुरुआत भ जाइत। रेलवे मोकामा कारखाना कए सेहो अपन अधीन करि कए चालू करय जा रहल अछि। एकर संगहि लालू प्रसाद शेरघाटी अनुमंडल क रंगलाल उच्च विद्यालय क प्रांगण मे गया-चतरा आ गया-डाल्टेनगंज नव रेल लाइन क निर्माण कार्य क शिलान्यास सेहो केलाह।

आयुर्वेद क छात्र कए आब भेटत एलोपैथी सन लाभ

बढ़ल स्टाइपेंड

पटना। राज्य सरकार राजकीय आयुर्वेद कालेज क पीजी क छात्र कए स्टाइपेंड मे भारी बढ़ोतरी केल अछि। आयुर्वेद कालेज क पीजी क छात्र कए आब एलोपैथी क पीजी छात्र क बराबर स्टाइपेंड भेटत । एकर तहत ओकरा प्रथम वर्ष क लेल 10 हजार, द्वितीय वर्ष क लेल 14 हजार आ तृतीय वर्ष क लेल 15 हजार टका प्रतिमाह भेटत। पहिने हिनका सब कए प्रथम वर्ष में ढाई हजार, द्वितीय वर्ष क लेल तीन हजार आ तृतीय वर्ष क लेल साढ़े तीन हजार टका प्रतिमाह भेटैत छल। राजकीय यूनानी और होमियोपैथी कालेज मे पीजी पाठ्यक्रम लागू भेला पर हिनका सब कए सेहो बढ़ल स्टाइपेंड भेटत। इ निर्णय मंगल दिन मंत्रिपरिषद क बैठक मे लेल गेल अछि। बैठक क जानकारी मंत्रिमंडल सचिव गिरीश शंकर देलथि। । दोसर दिस एकटा दोसर फैसला मे राज्य सरकार पशु चिकित्सक क लेल सेहो सुविधाक झड़ी लगा देलक अछि। पशु चिकित्सक कए आब सरकार दिस स मोबाइल फोन क रीचार्ज कू पन आ मोटरसाइकिल क लेल तेल क पाइ भेटत। 261 पशु अस्पताल क लेल दुमंजिला भवन बनाउल जाइत। ओहि मे बेसफोन क अलावा चिकित्सा संबंधी दोसर सुविधा सेहो उपलब्ध कराउल जाइत। पशुपालक क दरवाजा तक पशु चिकित्सक कए पहुंचाउल जाइत। एकरा लेल राज्य सरकार 71 करोड़ दस लाख 40 हजार टकाक मंजूरी देलक अछि। मंत्रिपरिषद विघटित बिहार कालेज सेवा आयोग क कर्मीक वेतन क लेलसेहो सात लाख टकाक मंजूरी देलक अछि।

फूड पार्क योजना कए मंजूरी

पटना। बिहार सरकार न राज्य मे खाद्य प्रसंस्करण प्रक्षेत्र क विकास क लेल आईएल एण्ड एफ एस-सीडीआई द्वारा समर्थित फूड पार्क योजना आ इंट्रिग्रेटेड डेवलपमेंट ऑफ फुड प्रोसेसिंग सेक्टर योजना कए स्वीकृति प्रदान करि देलक। राज्य मंत्रिमंडल क एहि ठाम आयोजित बैठक मे वर्ष 2008-09 मे एहि पर 16 करोड़ टका राज्य सरकार क अंशदान क रूप मे व्यय क स्वीकृति प्रदान करबाक प्रस्ताव पर मंजूरी द देल गेल। मंत्रिमंडल सचिवालय विभाग क प्रधान सचिव गिरीश शंकर कहला जे फूड पार्क योजना क तहत प्रथम जोन क रूप मे मुजफ्फरपुर, हाजीपुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आ पूर्वी चम्पारण जिला कए आ दोसर जोन क रूप मे भागलपुर, खगड़िया, कटिहार, मधेपुरा आ सहरसा जिला कए विकसित कैल जाइत। इन्टिग्रेटेड डेवलपमेंट ऑफ फुड प्रोसेसिंग सेक्टर योजना क तहत मखान, केरा, लीची, आम आदि क कलस्टर मे खाद्य प्रसंस्करण प्रक्षेत्र क रूप मे विकास कैल जाइत। प्रधान सचिव कहला जे वर्ष 2008-09 मे अत्यंत पिछड़ल वर्ग क लेल उच्च विधालय, महाविद्यालय, विश्वविद्यालय क छात्र-छात्रा क लेल प्रत्येक जिला मे सौ आसन वाला जननायक कर्पूरी ठाकुर छात्रावास योजना संचालित करबा लेल कुल 10 करोड़ क राशि स्वीकृत विषयक प्रस्ताव कए सेहो राज्य मंत्रिपरिषद क मंजूरी भेट गेल। एकटा छात्रावास क निर्माण पर 1.87 करोड़ टका खर्च होइत।

बिहार प्रशासनिक सुधार मिशन क भेल शुरुआत

पटना । बिहार मे प्रशासन मे सुधार क प्रक्रिया कए जारी रखैत ओकरा विश्वस्तरीय आ जनता क प्रति आओर जवाबदेह बनेबा लेल ब्रिटिश सरकार क डिपार्टमेंट फॉर इंटरनेशनल डेवलपमेंट क सहयोग स आखिरकार बिहार सरकार बिहार प्रशासनिक सुधार मिशन क शुरुआत केलक। बिहार क मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर ब्रिटिश सरकार मे अंतरराष्ट्रीय विकास क मंत्री डग्लस अलेक्जेंडर, एमपी संयुक्त रूप स एहि ठाम बिहार प्रशासनिक सुधार मिशन क उद्घाटन केलथि।

एहि मौका पर भारत स्थित ब्रिटिश उच्चायुक्त सर रिचर्ड स्टैग, बिहार क राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री नरेंद्र नारायण यादव, मानव संसाधन मंत्री हरिनारायण सिंह आ निबंधन, उत्पाद आ मद्य निषेध मंत्री जमशेद असरफ सेहो उपस्थित छलाह। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री कहला जे हुनकर सरकार शासन आ प्रशासन मे सुधार अनबाक उद्देश्य स एहि मिशन कए शुरू केलक अछि। एहि काज मे ब्रिटेन सरकार क डिपार्टमेंट फॉर इंटरनेशनल डेवलपमेंट क सेहो सहयोग भेटि रहल अछि। एकर तहत प्रशासनिक सुधार आ सेवा कए नीक बनेबा लेल तकनीकी विशेषज्ञता आ धनराशि प्रदान केल जा रहल अछि।

बदलैत बिहार
हमर नजरि स

इ मिथिलाक खेत छी। देशक सबस उपजाऊ भूमि। मेहनती किसान। विकासक सपना देखि रहल बिहार लेल इ एकटा उदहारण मात्र छी। एहन कइटा खेत अछि, जाहि मे पढ़ल-लिखल किसान अपन पसीना बहा रहल छथि।

...आओर तमसा गेलाह नीतीश

पटना। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार विधानसभा मे कोसी प्रलय क पीड़ित क उपेक्षा क आरोप बर्दाश्त नहि कए सकलाह आ फटि पड़लाह। कहलाह जे कतय छथि बयान बहादुर लोक? बड़ चमकि-चमकि कएअबैत छलाह, पैघ-पैघ घोषणा केने छलाह। आब किया नहि देखबा मे आबि रहल छथि? ओ निर्दलीय सदस्य किशोर कुमार मुन्ना क सवाल पर आपदा प्रबंधन मंत्री नीतीश मिश्रा क जवाब क दौरान हस्तक्षेप करैत आजि रहल छलाह। एहि स पहिने नीतिश मिश्र कहला जे कोसी क नव धार 450 टा जान लेलक आ 171 लोक लापता छथि, जखन कि 3.40 लाख घर ध्वस्त भ गेल अछि।

मुदा मुन्ना इ मानैय ले तैयार नहि छलाह। हुनकर कहब छल जे एकटा आधिकारिक वेबसाइट मे 3740 लोक कए लापता बताउल जा रहल अछिद, जखन कि मंत्री मात्र 171 लापता बता रहल छथि। दूनू मे के सही अछि? ओ मंत्री क एहि दावा कए मानबा लेल तैयार नहि छलाह जे कैंप मे रहनिहार स्वेच्छा स अपन घर लौटि गेल अछि। हुनकर आरोप छल जे कईटा क्षेत्र मे स्थानीय प्रशासन पीड़ित कए जबरिया भगा देलक अछि। एहि क्रम मे ओ बेलहा कैंप क उदाहरण देलथि।

सदन मे मौजूद मुख्यमंत्री एहि पर कड़ा एतराज केलथि। हुनक कहब छल जे, इ घोर असत्य, आधारहीन आ अनर्गल प्रलाप अछि। एहि दुष्प्रचार स पैघ पाप किछु नहि भ सकैत अछि। दुनिया देखि रहल अछि जे हम पीड़ित क बचाव व राहत मे की-की केलहुं ? हम त इतिहास बना देलहुं। बाढ़ मे घेराइल 10 लाख लोक कए बाहर निकालल गेल। 4.67 लाक लोक कए राहत कैंप मे राखिकए घर वाला सुविधा देल गेल। इफ्तार-शहरी तक क व्यवस्था भेल। छठ व्रति कए ढाई-ढाई सौ टका देल गेल। दशहरा मे पूड़ी-खीर क व्यवस्था भेल। बच्च क स्कूल, आंगनवाड़ी केंद्र, दवा, शिल्पकारी सिखेबा क व्यवस्था, शौचालय, चापाकल, अस्पताल .., माहौल रमन-चमन वाला छल; गुलजार छल। ओहि समय सेहो हमरा बदनाम करबाक बड़ कोशिश भेल छल, मुदा हम कहैत रहलहुं जे इ हमरा लेल सबस पैघ परीक्षा छी आ हम एकरा पास करि कए देखा देलहुं। सब कुछ ठीक-ठाक देखि सबहक जुबान बंद भ गेल। आब वैह लोक हमरा नव सिरा स बदनाम करबा मे जुटल छथि।

मुख्यमंत्री कहला जे बिहार मे पहिल बेर बांध नहि टूटल। मुदा पहिने की होइत छल? दिसंबर मे पीड़ित क सूची बनैत छल। घोटाला सेहो होइत छल। आओर एहि बेर त हमएखन धरि तमाम पीड़ित क बीच 2250 टका आओर एक-एक क्विंटल अनाज बंटवा देलहुं अछि। सख्त हिदायत अछि जे राहत स एकटा परिवार वंचित नहि रहै। थोक भाव मे नव परिवार आकार पेलक अछि। ओ मुन्ना द्वारा पेश लापता लोकक संख्या स सरोकार जतौलथि आ कहलथि जे केस-टू-केस वेरीफाई करबाक बाद वाजिब हकदार कए मुआवजा देल जाइत। ओ मुन्ना कए बुझौलथि जे दुष्प्रचार क पाप क भागीदार नहि बनु। बयान बहादुर लोक कए जनता बहुत जल्दी चिन्ह लैत अछि। किछु लोक शुरुआत मे दिन भरि मे चैनल कए 24-24 बाइट दैत छलाह आ हम अधिकांश समय राहत-बचाव कार्य मे बितबैत छलहुं। मुख्यमंत्री क प्रश्नकर्ता कए चुनौती रहल जे ओ कैंप स भगा देल गेल एकोटा पीड़ित परिवार क उदाहरण देखाउत, एकर दोषी अधिकारी पर तुरंत सख्त कार्रवाई कैल जैत। नीतीश कहला-आइ सेहो विभिन्न कैंप मे 8911 पीड़ित रहि रहल छथि।

मुख्यमंत्री कहलथि-प्रधानमंत्री कोसी क प्रकोप कए राष्ट्रीय आपदा घोषित केलथ्हि,मुदा एहि मुताबिक कहां किछु भ रहल अछि? किया? हम डेढ़ महीना पहिने पुनर्वास क पैकेज पठा चुकल छी। ओहि पर दिल्ली मे कोनो सुगबुगाहट नहि अछि। हम ध्वस्त मकान कए बनेबा लेल सुनामी क तर्ज पर पैकेज मंगलहुं अछि। कहलहुं अछि जे सीआरएफ क प्रावधान संशोधित हुए। दिल्ली मे बैसल लोक एहि पर कहां किछु बाजि रहल छथि। ऐना केना चलत? हमहुं चाहैत छी जे कोसी क्षेत्र कए पुनर्वासित करबा लेल सब पक्ष मिलकए केंद्र पर दबाव बनाबी। मुन्ना जी अहूं रसूख वाला छी। संयुक्त प्रयास क लेल अहूं विपक्षी दल मे अपन संबंध क इस्तेमाल करू। हमर मन मे एहन आओर बहुत गप दफन छल। अहां क सवाल क हवाला स एहि ठाम बाजि लेलहुं, एहि लेल अहांक शुक्रिया। बाहर निकू त, अहां कए गला लगा लेब। दरअसल मुन्ना इ कहैत मुख्यमंत्री स माफी मांगी लेलथि जे हुनकर मंशा नीतीशक भावना कए ठेस पहुंचेब नहि छल।

> बाढ़ हमरा लेल सबस पैघ परीक्षा छल आ हम एकरा पास करि कए देखा देलहुं। सब कुछ ठीक-ठाक देखि सबहक जुबान बंद भ गेल। आब वैह लोक हमरा नव सिरा स बदनाम करबा मे जुटल छथि।

नेपाल मे समलैंगिक विवाह कए मंजूरी

काठमांडू। एकटा ऐतिहासिक फैसला मे नेपाल क सुप्रीम कोर्ट समलैंगिक विवाह कए अपन मंजूरी द देलक। एकरा एहि रुढ़िवादी देश मे सामाजिक वर्जना कए तोड़ल जाइवाला कदम क रूप मे देखल जा रहल अछि। शीर्ष अदालत समलैंगिक क बीच विवाह समेत हुनका पूर्ण अधिकार देबा लेल माओवादी क नेतृत्व वाला सरकार कए आवश्यक कानून बनेबा लेल निर्देश जारी केलक। दक्षिण एशिया क एकटा अग्रणी समलैंगिक कार्यकर्ता सुनील बाबू पंटा कहलथि जे अदालत सरकार कए लिंग क आधार पर कोनो प्रकारक भेदभाव नहि करबा लेल निर्देश जारी केलक अछि। इ समलैंगिक क लेल एकटा ऐतिहासिक फैसला छी आ हम एकर स्वागत करैत छी। पंटा संविधान सभा मे एक मात्र सांसद छथि जे एहि समुदाय क प्रतिनिधित्व करैत छथि। ओ कहलथि जे शीर्ष अदालत ओहि तरहक कानून बे बा लेल सरकार कए सात सदस्यीय समिति गठित करबाक आदेश देलक अछि, जो यूरोपीय देश मे समलैंगिक क विवाह कए मान्यता दैत छैक । ओ कहलथि जे दक्षिण अफ्रीका, दक्षिण कोरिया, कनाडा, ब्रिटेन, स्पेन फ्रांस आ अन्य यूरोपीय देश मे समलैंगिक विवाह क प्रचलन छैक । ओ कहलथि जे हालांकि भारत मे एहि प्रकारक कोनो कानून नहि छैक । नेपाल मे लोकतंत्र क बहाली क बाद समलैंगिक अधिकार स जुड़ल संगठन ब्लू डायमंड सोसाइटी पहिल बेर देश मे 2006 मे सार्वजनिक रूप स समलैंगिक विवाह क व्यवस्था केने छल। तखन स ल कए एखन तक नेपाल मे छहटा समलैंगिक विवाह भ चुकल अछि। पंटा कहला जे हालांकि कानून क अभाव मे एहि प्रकार क विवाह क आधिकारिक पंजीकरण संभव नहि अछि। शीर्ष अदालत क एहि नव फैसला स जल्द कानून क निर्माण होयत, जाहि स समलैंगिक विवाह कए मान्यता भेटत।

बुद्ध ब्वाय कए देखबा लेल उमड़ल भीड़

काठमांडो। दक्षिण पूर्वी नेपाल क सुदूर जंगल मे भगवान बुद्ध क कथित अवतार 18 वर्षीय बुद्ध ब्वाय कए एक झलक पाबै क लेल हजार श्रद्धालु उमड़ि पड़ल। बुद्ध ब्वाय राम बहादुर बामजान स आशीर्वाद लेबा लेल कतार मे लगैयवाला मे बिहार आ उत्तर प्रदेश क श्रद्धालु सेहो शामिल अछि। भारत क सीमा स सटल बारा जिला क होल्कोरिया जंगल मे करीब एक वर्ष क बाद हाल मे बुद्ध ब्वाय दोबारा देखेलथि। बामजान क संबंध मे कहल जाइत अछि जे ओ कई महीना तक निराहार आ निर्जल रहिकए ध्यान लगेने छल। स्थानीय मीडिया क कहब अछि जे पिछला सप्ताह स एखन तक लगभग 10,000 श्रद्धालु बुद्ध ब्वाय कए देखबा लेल आबि चुकल अछि।

जाइत-जाइत विलासराव

पटना। महाराष्ट्र क विलास राव सरकार जाइत–जाइत राज ठाकरे क मनसा क हिंसक गतिविधि मे शामिल सिने वर्कर्स एसोसियेशन क अध्यक्ष अमे खोपकर आ मुंबई नगरपालिका क दादर वार्ड प्रमुख गिरीश थानोलकर क मुंबई निष्कासन कए रद्द करि उत्तर भारतीय क खिलाफ अपन नापाक इरादा क इजहार करि देलक। एहि स साबित भ गेल जे बिहारी पर राज ठाकरे क विष वमन आ हिंसक प्रहार क पाछु यूपीए आ ओकर घटक दल क घिनौना साजिश अछि। राज ठाकरे कांग्रेस आ यूपीए क सरपरस्ती मे बढ़ि रहल छथि आ यूपीए हुनकर राजनीतिक इस्तेमाल करि रहल अछि। एहन मे राजद सुप्रीमो लालू प्रसाद स भाजपा नेता सुशील कुमार मोदी सवाल करैत छथि जे विलासराव सरकार क अंतिम निर्णय मे ओ अपन संलिप्तता स केना बचि सकैत छथि, जखन कि प्रसाद कांग्रेस क पालकी अपन कांधा पर ढ़ो रहल छथि।

पति कए देखि छलकि पड़ल सीमा कए आंखि

जयप्रकाश नारायण अंतरराष्ट्रीय एयरपोर्ट पर पति संतोष कुमार कए देख सीमा क आंखि छलकि पड़ल। दुपहरिये स परिजन क संग हाथ मे गुलदस्ता लेने मुस्कुराइत प्लेन एबाक बाट तकैत सीमा अचानक पति कए देखकए भावुक भ गेली। संतोष हुनका सीना स लगा सांत्वना दैत रहलाह। करीब दू महीना तक सोमालिया क जल दस्यु क कब्जा मे रहल मालवाहक जहाज एमटी स्टाल्ट वेलर क सेकेंड इंजीनियर संतोष कुमार आ शिप मैन अनिल कुमार मुक्त हेबाक बाद सीधा एयर इंडिया क विमान स पटना पहुंचलाह। पिछला 16 नवम्बर कए दूनू गोटेक रिहाई क खबरि अखबार मे आईल छल। एयरपोर्ट पर परिजन क संग राज्य सरकार क दिस स पीएचईडी मंत्री अश्विनी कुमार चौबे सेहो छलाह। जे देख पूरा जन मानस गद-गद भ गेल। चौबे दूनू बिहारी लाल कए गला लगा कए स्वागत केलथि। परिजन आ शुभचिंतक दूनू गोटे कए फूल-माला स लादि देलथि। दुख बयां करैत शहर क पटेल नगर निवासी संतोष कहला ' घर लौटब पुनर्जन्म सन लागि रहल अछि। घर वापसी सपना सन भ गेल छल, जे आब हकीकत मे बदलि गेल अछि। अपहर्ता शुरू स हमरा डरा-धमका रहल छल। दू-तीन दिनक बाद ओ डरबैक तरीका बदलि लेलक। हमरा सब कए मेंटली टॉर्चर केलक। ओ स्थानीय भाषा मे गप करैत छल। बीच-बीच मे कखनो-कखनो अंग्रजी क शब्द बजैत छल। हर दू-तीन दिन पर हुनकर तरीका बदलैत रहल। हम सॉफ्ट टारगेट पर रही। हरदम हम 22 लोक घर लौट सकब एकरा ल कए चिंतित रहैत रही।' दोसर कात दानापुर कैंट इलाका क निवासी शिप मैन अनिल कहलथि 'हाइजैकर्स क बीच रहब मौत क साया नीचा रहब थीक। जाहि इलाका मे हम बंधक बनाउल गेल रही ओ पूरा क्षेत्र हाइजैकर्स एरिया छैक। हाइजैकर फायरिंग करैत धावा केलक आ शिप पर चढ़ि कए ओहि पर कब्जा जमा लेलक। हुनकर फाइवर वॉडी वाला बोट क स्पीड 15 नॉट प्रति घंटा छल, जाहि कारण निगरानी मे ओ रडार पर सेहो अबैत-जाइत रहैत छथि। हुनका पकड़ब या देखब मुश्किल होइत अछि। अगवा करबाक बाद शिप कए अपहर्ता 'इल' एरिया मे रखैत अछि । अपराधी क नेगोशियेटर कंपनी क संग डीलिंग केलक आ फेर डिमांड पूरा भेला पर हमरा सब कए छोड़ि देल गेल।' अनिल परिजन क संग मीडिया आ मंत्री क प्रति आभार व्यक्त केलथि। विदित हो कि 15 सितंबर कए सोमालियाई जल दस्यु जापानी कंपनी क मुंबई क प्लीट मेरिन लिमिटेड क तहत संचालित मालवाहक जहाज एमटी स्टाल्ट वेलर कए अगवा करि लेने छल। 22 अपहृत म स पटना क संतोष आ दानापुर क अनिल सेहो शामिल छलाह।

राज्यस्तरीय टीम मे दरभंगा क चेहरा

दरभंगा । लहेरियासराय स्टेडियम मे 2-5 दिसंबर तक आयोजित राज्यस्तरीय ग्रामीण खेलकूद प्रतियोगिता क आधार पर प्रदेश टीम गठन क लेल कबड्डी आ खो-खो बालक आ बालिका खिलाड़ी क सूची जारी करि देल गेल अछि। चयनित खिलाड़ी 10 दिसंबर कए मोईनुल हक स्टेडियम पटना मे आयोजित प्रशिक्षण शिविर मे उपस्थित भेलाह। शिविर क आधार पर प्रदेश टीम क गठन कैल जाइत, जे तमिलनाडु मे आयोजित राष्ट्रीय ग्रामीण खेलकूद प्रतियोगिता मे राज्य क प्रतिनिधित्व करत। प्रमंडलीय शारीरिक शिक्षा अधीक्षक नागेंद्र महतो कहला जे कबड्डी बालिका वर्ग मे भोजपुर क प्रीति कुमारी, श्वेता कुमारी, बेगूसराय क रिंकी कुमारी, रूपम कुमारी, बक्सर क कुसुम कुमारी, भागलपुर क ज्योति कुमारी, लक्खीसराय क पूनम कुमारी, दरभंगा क शालु कुमारी, सीतामढ़ी क कृति कुमारी, कटिहार क प्रिया कुमारी, मधेपुरा क सोनी राज, सहरसा क पल्लवी कुमारी, पूर्वी चंपारण क ममता कुमारी, सारण क शोभा कुमारी आ दरभंगा क स्वीटी कुमारी क चयन कैल गेल अछि। ओहि ठाम बालक वर्ग मे मधेपुरा क अखिलेश कुमार, दुर्गा कुमार, बेगूसराय क चंद्रभूषण सिंह, रूपेश कुमार, जहानाबाद क विकास कुमार सिंह, दरभंगा क यशपाल कुमार, सारण क शशि कुमार सिंह, लक्खीसराय क पंजाबी कुमार, मधुबनी क नीरज कुमार झा, पूर्वी चंपारण क नितेश कुमार, रोहतास क अरविंद कुमार, भोजपुर क चंद्रशेखर, सारण क कमलेश कुमार आ मुजफ्फरपुर क प्रणव कुमार चयनित कैल गेलाह अछि। एकरा संग-संग खो-खो महिला वर्ग मे मुजफ्फरपुर क गरिमा कुमारी, नेहा कुमारी, संजना कुमारी, गया क विद्या रानी, पल्लवी सिन्हा, पूजा कुमारी, बक्सर क पायल, सौम्या, सहरसा क चांदनी, लक्खीसराय क सुमित्रा कुमारी, दरभंगा क विभा कुमारी, जहानावाद क कुमारी अंजना सिंह, पटना क नीलू, रोहतास क कुमारी प्रियतम प्रकाश, भागलपुर क सरिता कुमारी, भोजपुर क प्रियंका कुमारी, दरभंगा क प्रतिमा कुमारी आ सारण क सोनाली चुनल गेलीह।

ओहि ठाम बालक वर्ग मे पटना क राहुल कुमार, सुमित कुमार, अविनाश कुमार, मुजफ्फरपुर क सरोज कुमार, रवि कुमार, भागलपुर क मो. रशीद, प्रवीण कुमार, पूर्णिया क राजकुमार हंसदा, सुखदेव बेसरा, लक्खीसराय क प्रभात कुमार, गया क अभिषेक कुमार, दरभंगा क सुजीत कुमार, बक्सर क राजेश कुमार, शेखपुरा क कन्हैया कुमार, सुपौल क महादेव साह, मुजफ्फरपुर क शुभांशु, नालंदा क उपेंद्र कुमार आ दरभंगा क रजनीश कुमार कए प्रशिक्षण शिविर भाग लेबाक मौका देल गेल अछि।

ताकि रहल अछि आकाशवाणी

दरभंगा । बिहार क बाढ़ मे हेलाइल लोक कए तकबा मे मदद क लेल आकाशवाणी राष्ट्रीय स्तर पर पहिल बेर वेबसाइट खोललक अछि। लोक बिहार फ्लड डाट एआईआर डाट ओआरजी डाट इन पर उपलब्ध फार्म मे हेराइल लोकक सूचना दर्ज करा सकैत अछि। ओतहि एसएमएस सेवा सेहो बहाल कैल गेल अछि, जेकरा लेल मोबाइल नं. 09971247247 पर अंग्रेजी या रोमन लिपि मे लिखल हिन्दी मे सूचना देल जा सकैत अछि। एकरा प्रसारित सेहो कैल जा रहल अछि। एहि गपक सूचना आकाशवाणी महानिदेशालय दिल्ली क निदेशक आशीष भटनागर देलथि अछि । ओ आकाशवाणी दरभंगा केन्द्र मे पत्रकार लोकनि स गप क दौरान एहि योजनाक जानकारी देलथि। ओ कहलथि जे दरभंगा केन्द्र द्वारा बाढ़ पीड़ित क मदद मे विशेष कार्यक्रम मांझी सहित अन्य कार्यक्रम क बेहतरीन पहल भ रहल अछि। ओ कहलथि जे दिल्ली स पहिने एहि ठाम स एहन कार्यक्रम आरंभ होयब काबिले तारीफ अछि। हुनकर संग आयल महानिदेशालय क कार्यक्रम अधिशासी अशोक पाणिग्रही सेहो एहि ठाम स प्रसारित भ रहल हेल्प लाइन कार्यक्रम आ फोन-इन कार्यक्रम क सराहना केलथि आ कहलथि जे राष्ट्रीय स्तर पर सेहो दरभंगा स सीखबाक बहुत किछु अछि। ओ कहलथि जे संचार क्रांति क बावजूद रेडियो क प्रासंगिकता आइ बनल अछि आओर आगू सेहो बनल रहत। आकाशवाणी पटना स मैथिली समाचार किया पढ़ल जा रहल अछि आ बाढ़ एबा पर आकाशवाणी दरभंगा केन्द्र स प्रसारण किया ठप भ जाइत अछि, इ दू टा समस्या दिस ध्यान खिंचबा पर हुनकर कहब छल जे ओ एहि संबंध में संबंधित अधिकारी स गप करताह आ जल्द-सजल्द एकरा दूर करबाक प्रयास करताह। एहि मौका पर कार्यक्रम अधिशासी समन्वयक डा. पीएन झा हेल्पलाइन कार्यक्रम क माध्यम स करीब एक हजार लोक क संवाद प्रसारित करबाक जानकारी देलथि। मौका पर कार्यक्रम अधिशासी अजय कुमार राय, सहायक केन्द्र अभियंता आईडी ठाकुर, भागलपुर क एसई पीके ठाकुर, कार्याधिकारी अमिताभ कुमार आदि मौजूद छलाह। दिल्ली स आइल पदाधिकारी केन्द्र क नियंत्रण कक्ष, स्टूडियो आदि क मुआयना सेहो केलाह।

मजदूर लौट रहल अछि बिहार

पटना। परदेस गेल छलाक ओ कमाई लेल, मुदा ओहि ठाम सेहो आसरा नहि रहल। मंदी क मारि एहन पड़ल जे दिल्ली आ अन्य क्षेत्र मे काज-धंधा क लेल गेल राज्यक बेरोजगार आब बिहार लौटि रहल छथि। पटना जकशन पर दिल्ली स अबैयवाला ट्रेन स एहन लोक क भारी भीड़ उतरि रहल अछि। जनसाधारण एक्सप्रेस ट्रेन स दिल्ली स पटना पंहुचल दू दर्जन स बेसी लोक से गपक दौरान इ गप निकलि कए सामने आइल जे महानगर में काजक भारी अकाल पड़ल अछि। ट्रेन स उतरल अधिकर लोक काज नहि भेटला पर अपन व्यथा 'समाद' कए कहलथि । दिल्ली में एकटा निजी अस्पताल क क्लर्क आ समस्तीपुर निवासी रामोष्ठ कुमार कहला जे विगत तीन मास स नव काज नहि भेटल । बिहार स जे लोक नौकरी तकबा लेल जाइत अछि, ओे अपन संबंधी क घर मे शरण लैत अछि।

ओहि ठाम ककरो-ककरो त 15 दिन स ल कए एक मास तक रुकय पड़ैत छैक। तकरा बादो अगर नौकरी नहि भेटत त घर लौटबाक अलाबा कोनो रास्ता नहि रहि जाइत अछि। ओ कहलथि जे हुनकर नौकरी सुरक्षित छैन, मुदा हुनकर गाम क दर्जन स बेसी लोक काज नहि भेटबाक कारण बिहार लौट एलाह अछि। नोएडा मे एकटा निजी कं पनी मे काज करैयवाला सीतामढ़ी निवासी वीरेंद्र पांडेय कहला जे हुनकर कंपनी नव बहाली पर रोक लगा देलक अछि। दिल्ली मे केवल निजी बीमा कंपनी ढाई हजार कर्मचारी कए काज पर स हटा देलक अछि। दक्षिणी दिल्ली मे बिजली क दुकान चला रहल समस्तीपुर निवासी सुरश कुमार कहैत छथि जे दू मास स हुनका नन काज नहि भेटल अछि। दुकान क खर्च निकालब तक कठिन भ गेल अछि। एहि लेल दुकान बंद करि कए घर आबि गेलहु अछि। गुजरात मे कारपेंटर क कात करिनिहार सुपौल क हयातुल्लाह सेहो मंदी क कारण घर लौटि आइल अछि। ओ ठेके दार क अंडर में काम करैत छल। रामेश, वीरंद्र पांडेय, सुरश कुमार आ हयातुल्लाह सन कामगार आर्थिक मंदी स उपजल भुखमरी क कारण वापस लौटि रहल छथि। हुनकर नजरि मे बाहर भूखल रहब स नीक अछि, घर मे खाली पेट सुतब। ओना सब मानैत छथि जे राज्य मे भ रहल विकास कार्य मे ओ सहायक हेताह।

महाराष्ट्र मे 90 फीसदी नौकरी पर मराठी क कब्जा

मुंबई। महाराष्ट्र मे राज ठाकरे सन नेता 'बाहरी' लोक द्वारा स्थानीय लोक क नौकरी छीनबाक आरोप लगाकए भले राजनीति मे अपन रोटी सेंक लैथि, मुदा आंकड़ा किछु आओर कहानी बयां करैत अछि। जी हां, राज्य सरकार क सर्वे मे इ गप साफ तौर पर सामने आइल अछि जे राज्य मे 90 फीसदी नौकरी स्थानीय लोक क लग मे अछि। सरकारी आंकड़ा क मुताबिक करीब 1.6 लाख कुटीर, छोट आ मध्यम दर्जा क उद्योग क ईकाइ अछि, जे करीब 10.86 लाख लोक कए रोजगार मुहैया करबैत अछि। एहि मे 91 फीसदी नॉन सुपरवाइजरी जॉब, जखनकि 97 फीसदी लोक सुपरवाइजरी पोजीशन वाला जॉब स्थानीय लोक क लग मे अछि। जखनकि पैघ उद्योग मे 88 फीसदी नॉन सुपरवाइजरी आ 78.7 सुपरवाइजरी पोजीशन वाला जॉब सेहो महाराष्ट्रियन क लग मे अछि।

अंक-19, साल-1, रजिस्ट्रेशन- आवेदित, स्नेह-छवि मिथिला स्कूल ऑफ आर्ट क लेल संपादक डाट वर्डप्रेस डाट काम स इंटरनेट संस्करण प्रकाशित. प्रधान समदिया : छवि झा, प्रबंध समदिया : सुषमा समदिया : कुमुद सिंह*, समाचार समदिया : प्रीतिलता मल्लिक, समदिया(दिल्ली) : गिन्नी सिंह ठाकुर, समदिया (नेपाल): ममता शंकर e_mail: esamaad@gmail.com (*खबरक चयनक लेल जिम्मेदार)